

**ANALISIS AJÉN MORAL KAAGAMAAN JEUNG SOSIAL DINA  
ANTOLOGI PUISI KUSEBUT NAMA-MU DALAM SERIBU  
WARNA KARYA ACHMAD SUBCHAN DARUSSALAM BIN  
'UMAR, DKK. PIKEUN NINGKATKEUN KARAKTER  
TOLERANSI PESERTA DIDIK**

*ku*

**RAMANDITA ARLIANI**

**195030033**

**RINGKESAN**

*Ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun ngadéskripsikeun: (1) ajén-inajén moral kaagamaan anu aya dina antologi puisi “Kusebut Nama-Mu dalam Seribu Warna” karya Achmad Subchan Darussalam bin ‘Umar, dkk.; (2) ajén-inajén moral sosial nu aya dina antologi puisi “Kusebut Nama-Mu dalam Seribu Warna” karya Achmad Subchan Darussalam bin ‘Umar, dkk.; (3) ngamangpaatkeun hasil analisis ajén moral kaagamaan jeung sosial dina antologi puisi “Kusebut Nama-Mu dalam Seribu Warna” karya Achmad Subchan Darussalam bin ‘Umar, dkk. pikeun ningkatkeun karakter toleransi peserta didik. Méthode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta méthode déskriptif kualitatif. Hasil tina ieu panalungtikan nyaéta: (1) aya 18 puisi anu eusina ajén-inajén moral kaagamaan, anu diwangun ku 3 puisi ngeunaan kapercayaan kana kakawasaan Gusti, 7 puisi ngeunaan ibadah ka Gusti, 3 puisi ngeunaan taat kana paréntah jeung ngajauhan larangan Gusti, 2 puisi ngeunaan pasrah kana sagala katentuan Gusti, sareng 3 puisi ngeunaan syukur ka Gusti; (2) aya 31 puisi anu eusina ajén-inajén moral sosial, diwangun ku 17 puisi ngeunaan sauyunan (silih ngahormat jeung ngahargaan), 3 puisi ngeunaan gawé babarengan, 6 puisi ngeunaan silih asih, 2 puisi ngeunaan cinta ka ibu pertiwi, sareng 3 puisi ngeunaan silih tulungan; (3) hasil analisis antologi puisi “Kusebut Nama-Mu dalam Seribu Warna” karya Achmad Subchan Darussalam bin ‘Umar, dkk. bisa digunakeun dina pangajaran aprésiasi puisi sacara réseptif (narima) jeung éksprésif (kamampuan ngaéksprésikeun) di sakola. Salian ti éta, antologi puisi ieu ogé bisa dibaca jeung dinikmati dina rupa-rupa lingkungan jeung kaayaan, sangkan bisa mangaruhan kana ningkatkeun karakter toleransi peserta didik, sapertos ngahormati jeung ngahargaan kabaragaman, méré talatah hikmah jeung welas asih, muka sawangan anyar kana kabaragaman, méré inspirasi dina dialog jeung interaksi antar sasama, sareng ngawangun kapedulian ka batur. Ajén-inajén anu aya dina antologi puisi “Kusebut Nama-Mu dalam Seribu Warna” karya Achmad Subchan Darussalam bin ‘Umar, dkk. ogé luyu jeung tujuan pendidikan nasional.*

*Kata kunci: analisis, ajén moral kaagamaan, ajén moral sosial, puisi, toleransi*